



## Pwogram Medyasyon Sivil Atravè Leta - kesyon ki poze le pli souvan sou

Statewide Civil Mediation Program - Frequently Asked Questions – Haitian Creole

- Kisa yo rele medyasyon?
- Kijan yo chwazi yon medyatè pou yon ka?
- Konbyen yon medyasyon koute?
- Kisa ki rive nan medyasyon?
- E ki sa yo rele divilgasyon prèv anvan jijman?
- Ki wòl avoka ansanm ak pledan yo jwe nan medyasyon?
- Kijan yon ka rive nan medyasyon?
- Ki sa ki kèk avantaj nan medyasyon?
- Ki tip de ka ki ta kab benefisye de medyasyon?
- Nan ki etap pwosesis jidisyè a ka a fèt pou refere ba medyasyon?
- Sa ki rive si ka a pa rezoud nan medyasyon?

### **Kisa yo rele medyasyon?**

Medyasyon se yon pwosesis pou rezoud dispit kote yon tyès pati ki pa nan pati pri - medyatè a - fasilite tout negosyasyon ant pati yo pou ede yo rive a yon antant mityèl ki akseptab. Pi gwo diferans nan medyasyon se ke medyatè pa pran desizyon konsènan rezilta ka a. Pati yo, ak èd avoka yo, travay pou jwenn yon solisyon ki mete yo alez.

### **Kijan yo chwazi yon medyatè pou yon ka?**

Sistèm tribinal la kenbe yon lis medyatè epi li pibliye sou sit web jidisyè a nan [njcourts.gov](http://njcourts.gov) nan fòm ki fasil pou konsilte. Lè yo voye yon ka nan medyasyon, toude pati yo gen 14 jou pou chwazi yon medyatè konvnan, ke medyatè a sou lis la ou pa. Si pati yo pa chwazi yon medyatè nan delè ki akòde a, medyatè deziye sou Lòd Rekomandasyon a va sèvi antan ke medyatè. Tout medyatè ki deziye pa tribinal la deja apwouve pou yo sou lis la aprè yon pwosesis de verifikasyon pou asire ke yo reyini tout egzijans edikasyonèl, fòmasyon ak parenaj yo ki etabli nan *Règleman Jidisyè 1:40-12*.

### **Konbyen yon medyasyon koute?**

Daprè *Règleman Jidisyè 1:40-4(b) a*, nenpòt ki medyatè ki sou lis la a va founi de premye le yo nan yon ka, enkli sesyon inisyal de inèd tan a, gratis anvan youn nan pati yo ta chwazi pou li pa al nan medyasyon. Answit, tout medyatè resevwa tarif to mache a ki fèt pou divize ant toude pati yo. Tout fre ki tonbe sou *Règleman Jidisyè 1:13-2(a)* siprime. Nenpòt ki medyatè ke pati yo ta chwazi ki pa sou lis la kab negosye fre li yo ak pati yo depi le komansman epi tou, li pap bezwen bay tan gratis.

### **Kisa ki rive nan medyasyon?**

Medyatè a pral mande tout patisipan yo pou swiv sèten règ de baz. Premye a, ak sa ki plis enpòtan a, ki gen kèk eksepsyon sèlman ki tonbe anba *Règleman Jidisyè 1:40-4(c)* ak (d), tout

sa ki di nan medyasyon konfidansyèl. Kidonk, sa ki pale nan medyasyon pakab diskite andeyò pwosesis medyasyon a amwens ke toude pati ta bay konsantman yo. Anvan seyans medyasyon an, medyatè a, dabitid ap mande avoka yo pou yo prepare yon rezime tou kout konsènan pwèn ki dispite yo. Aprè sa, nan seyans medyasyon a, medyatè a va mande avoka yo ansanm ak kliyan yo pou fè yon prezantasyon tou kout konsènan tout koze yo de pwèn de vi pa yo. Aprè sa, medyatè a va ede pati yo eksplòre tout posibilite pou jwenn yon konpwomi ak devlope yon solisyon ki satisfè entèrè tout moun. Pafwa, medyatè kab fè yon ti pale ak pati yo separeman, pou diskite an prive epi tou, ki ta ka ede pati yo avanse vè yon rezolisyon. Si ta gen yon antant, y ap prepare yon dokiman ka va bay tout detay konsènan kondisyon yo nan antant la. Aprè sa, medyatè a, a va notifiye tribinal la ke yo ta met anile ka a. Si ka a pa ta rezoud, medyatè a, va notifiye tribinal la epi ka va rete sou lis Ajanda Kalandriye tribinal la.

### **E ki sa yo rele divilgasyon prèv anvan jijman?**

Nòmalmman, divilgasyon prèv ant pati yo pap kanpe pandan yon ka al nan medyasyon. Ka a, ap plase sou Ajanda kalandriye pou jijman alafen peryòd pou divilgasyon prèv yo. Mèzalò, si tribinal la ta detèmine ke yon delè nan divilgasyon prèv la ta nesese, tribinal la kab akòde delè a sèl avèk yon lòd delè sou divilgasyon prèv yo. Menm si divilgasyon prèv la ta kanpe ofisyèlman, medyatè a otorize pou fasilite echanj materyo enfòmasyon san fòmalitye ki nesese yo pou avanse efikasite pwosesis medyasyon a.

### **Ki wòl avoka ansanm ak pledan yo jwe nan medyasyon?**

Bi medyasyon se rive jwenn yon solisyon amikab. Avoka yo ak pati yo oblije fè efò de bòn fwa pou kolabore ak medyatè a epi angaje nan yon dyalòg konstrikatif ka va abouti a yon rezolisyon. Avoka yo fèt pou prepare kliyan yo anvan medyasyon a, epi eksplike sa ki pral fèt, epi tou, eksplike an patikilye wòl avoka ak kliyan. Yo fèt pou mete yo dakò sou kilès ki pral pòtpawòl la pou reprezante pwendvi pati a nan debi seyans medyasyon a. Atravè pwosesis la, avoka a, ap ajè antan ke defansè enterè kliyan li. Pa egzanp, avoka a kab prezante pledwari douvèti tou kout konsènan jan li wè koze a, men kliyan a fèt pou l jwenn opòtinite tou pou li pale. Nan medyasyon, konprann fèt lè pati yo eksplike pozisyon yo direktman ba lòt pati a. Le nou rive nan pwèn pou diskite sou kondisyon pou fè yon antant, pledan yo fèt pou jwe yon wòl aktif, paske se ka yo e se antant yo. Pandan pwosesis la, avoka yo fèt pou bay konsèy sou opsyon antant ki ta rekomandab, sijere tout lòt opsyon epi disponib pou tout lòt konsiltasyon adisyonèl ak kliyan li.

### **Kijan yon ka rive nan medyasyon?**

Se jij, anplwaye tribinal yo, oswa pati yo menm ki idantifye ka adekwa pou al nan medyasyon a nenpòt ki etap de ka a. Yon fòm pou Refere ka a prepare ak siyen pa jij la. Tout pati ki ta renmen ka yo refere ba medyasyon fèt pou kontakte Responsab Divizyon Sivil la nan konte kote ka anantant.

## **Ki sa ki kèk avantaj nan medyasyon?**

Kèk avantaj medyasyon gen ladann:

- Konfidansyalite;
- Rezilta yo ta kab nan avantaj toude pati oswa tout pati yo epi li ta ka fè tout moun sòti gayan;
- Rezilta kab fèt yon fason pou li reyini egzijans esklizif ka a ansanm ak pati yo an patikilye;
- Medyatè fòme ap ede pati yo jwenn solisyon ki pi kreyatif ki pa konn fèt dabitid ak lòt teknik nan CDR; epi tou
- Medyasyon kab pi bon mache, mwens ofisyèl epi li ta kab yon altènatif ki pi itil a yon pwosesis jijman konvansyonèl.

## **Ki tip de ka ki ta kab benefisye de medyasyon?**

Yo itilize medyasyon ki bay rezilta nan divè tip ka ki prezante karakteristik kankou: pati yo te gen yon relasyon swa pèsònèl ou komèsyal oubyen yo te gen yon relasyon serye nan le pase; gen pwoblèm kominikasyon ant pati yo; pi gwo obstak pou rive jwenn yon antant se kesyon pèsònèl ak emosyonèl; pati yo ta vle rive a yon solisyon endividyalize ki reyini tout egzijans espesifik yo; ka a gen pou wè ak done teknik oswa syantifik konplike ki mande yon tip espesifik de save; pati yo gen yon motivasyon pou rive a yon antant poutèt tan, frè litij, oswa lap pèdi pwodiktivite; pati yo ta renmen kenbe kontwòl sou rezilta ka a; oswa pati yo ta renmen diskite nan yon anbyans pi prive pou rezoud dispit yo. Byen ke pa gen okenn tip de ka ki pa ta benefisye, ka komèsyal, konstriksyon, anviwonmantal, ka sou Lwa Kont Diskriminasyon (Law Against Discrimination (LAD)), ak sèten ka sou koze Ekitab ak Siksesyon pi apwopriye pou medayasyon paske yo gen tandans prezante karakteristik ki dekri anlè a.

## **Nan ki etap pwosesis jidisyèl a ka a fèt pou refere ba medyasyon?**

Pi bonè, pi vit ke yon ka kab refere a medyasyon, pi gwo chans dèske pati yo kab rezoud dispit yo epi ekonomize lajan pou tèt yo ak pou tribinal la. Pati yo fèt pou santi yo gen sifizaman enfòmasyon pou diskite de dispit la, ki vle di ke echanj enfòmasyon sa a fèt pou konplete. Medyatè yo kab ede pati yo tou detèmine ki tip de divilgasyon ki pa ofisyèl ki ta nesèsè. Menm si pwosesis divilgasyon prèv yo finn deja konplete, negosyasyon pou jwenn yon solisyon pat bay rezilta, oswa pati yo pre dat jijman a, pwosesis medyasyon a kab toujou ede pati yo rive a yon antant akseptab.

## **Sa ki rive si ka a pa rezoud nan medyasyon?**

Pafwa pati yo pakab rive a yon antant oswa yo dakò sou sèten pwèn dispit la. Si sèten pwèn dispit la rete san rezoud, pati yo kab soumèt pati sa a ba yon save pou jwenn yon opinyon (obligatwa ou pa) oswa itilize lòt mwayen kreyatif. Ka a kab toujou tounnen nan tribinal epi kontinye sou chemen jijman. Menm nan ka sa yo, pwosesis medyasyon a ede pati yo eklèsè pozisyon yo epi ede yo avanse vè yon antant.